

Kijan pou jwenn èd pou peye bòdwo lopital ou yo

Nuvance Health pran angajman pou l ede pasyan yo ak bòdwo lopital yo.

Kopi **Règleman Asistans Finansye** Nuvance Health ak aplikasyon pou asistans finansye yo disponib nan Nite Biznis Etablisman, Sévis Enskripsyon, Depatman Ijans oswa Biwo Relasyon Kominotè. Aplikasyon yo disponib an Angle, Espanyòl, Pòtigè ak lòt lang komen nan kominote nou yo.

Lopital Nuvance Health (Lopital Danbury, New Milford, Norwalk ak Sharon nan CT, ak Sant Medikal Vassar Brothers, Northern Dutchess Hospital ak Lopital Putnam nan NY) pral pran yon detèminasyon sou kalifikasyon w pou asistans finansye pi vit posib apre li fin resevwa yon aplikasyon ranpli pou asistans. W ap resevwa yon avi alekri sou rezilta ka w la.

Si yo rejte aplikasyon w lan, n ap ba w rezon ki fè yo rejte a epi n ap ba w enfòmasyon sou fason pou w fè apèl kont detèminasyon an. Nan ka ou chwazi pou fè apèl, n ap travay avèk ou pou asire nou pran an konsiderasyon tout reyalyte ki enpòtan lè n ap pran desizyon final nou an.



Asistans Finansye



544468_Plain Language Financial Asst Policy - HT_F_1124

nuvancehealth.org/financialassistance

Kalifye pou asistans ak bòdwo medikal ou yo



Èske ou pa gen asirans oswa ou gen pwoblèm pou peye bòdwo lopital ou yo?

Nou ka kapab ede. Si w ap fè fas ak yon difikilte finansye pèsònèl akòz mank asirans oswa depans medikal ekstraòdinè, asistans finansye ka disponib pou kouvri kèk oswa tout depans pou pasyan entènè, pasyan ekstèn ak ijans Lopital Nuvance Health yo ofri (Danbury, New Milford, Lopital Norwalk ak Sharon nan CT, ak Vassar Brothers Medical Center, Northern Dutchess Hospital ak Putnam Hospital nan NY).

Tanpri sonje:

Lopital Nuvance Health ap toujou bay tretman medikal ijans san yo pa mete konsiderasyon kapasite w pou peye.

Kritè

Lopital nou yo ap ba ou asistans finansye si **youn oswa plizyè** nan kondisyon sa yo satisfè

- Ou gen youn oswa plizyè balans ki pa ka peye akòz Lopital Nuvance Health oswa lòt founisè.

- Ou te aplike epi yo te refize w kalifikasyon pou nenpòt pwoteksyon medikal oswa swen sante yo bay nan Medicaid oswa pwogram eta a akòz pa respekte egzijans revni yo oswa lòt kondisyon kalifikasyon.
- Ou pa kalifye pou pwoteksyon pou sèvis lopital nan okenn lòt pwogram asirans sante oswa aksidan (ki gen ladan konpansasyon travayè, responsablite yon twazyèm pati oswa asirans machin).
- Revni fanmi w se nan oswa pi ba pase 400% Gid Revni Povrete Federal yo (ki baze sou Gid sou Revni Povrete Federal anyèl yo).

Si revni fanmi ou pi wo pase 400% Gid Revni Povrete Federal yo epi w ap fè fas ak giwo bòdwo medikal, ou ka toujou kalifye pou yon rabè sou frè lopital.

Ki jan ou ka jwenn èd?

Konseye finansye ki resevwa fòmasyon nou yo disponib pou ede w detèmine si w kalifye pou asistans finansye. Konseye finansye nou yo ka ede w ak aplike pou asistans finansye nan pwogram gouvènman an epi etabli modalite peman. Yo ka apwouve tou ajisteman nan balans ou dapre

bezwen finansye ak/oswa difikilte medikal. Nenpòt pasyan ki kalifye pou asistans finansye nan men Nuvance Health p ap peye plis pase kantite lajan yo faktire jeneralman (AGB) pou swen ijans oswa swen medikal ki nesèsè.

Tanpri kontakte nou

Pou nenpòt kesyon, oswa pou resevwa yon kopi Règleman Asistans Finansye a ak yon aplikasyon pou asistans finansye nan lapòs, imèl oswa sou papye, rele oswa vizite Sèvis Finansye Pasyan nan:

- **Danbury Hospital:** (203) 739-7773
24 Hospital Avenue, Danbury, CT 06810
(San randevou, Lendi–Vandredi, 9 am–4 pm)
- **Norwalk Hospital:** (203) 899-1579
34 Maple Street, Norwalk, CT 06856
(San randevou, Lendi–Vandredi, 9 am–4 pm)
- **New Milford Hospital:** (860) 210-5427
21 Elm Street, New Milford, CT 06776
- **Sharon Hospital:** (860) 364-4275
50 Hospital Hill Road, Sharon, CT 06069
(San randevou, Lendi–Vandredi, 8 am–4:30 pm)
- **Vassar Brothers Medical Center:** (845) 431-5693
45 Reade Place, Poughkeepsie, NY 12601
(San randevou, Lendi–Vandredi, 8:30 am–5 pm)
- **Putnam Hospital:** (845) 279-5711 x4789
670 Stoneleigh Avenue, Carmel, NY 10512
(San randevou, Lendi–Vandredi, 7:30 am–4 pm)
- **Northern Dutchess Hospital:** (845) 871-4347
6511 Springbrook Avenue, Rhinebeck, NY 12572
(San randevou, Lendi–Vandredi, 8 am–4 pm)

